# АРЗЫГҮЛ АПА ҚОСЫҚШЫ, ОЙЫНШЫ, АКТРИСА

**Турдымуратов Ж.**
*Нөкис қаласы 22-санлы балалар музыка ҳәм көркем-өнер мектеби*

**Аннотация:** Усы мақалада атақлы қосықшы Арзыгул Атамуратова ойыншы ҳәм актриса сыпатында тарийхта өшпес из қалдырган талант ийеси Өзиниң дөретиўшилик жумысларында да, қосықты да, ойын ҳөнеринде де реформа жаратқан инсан.

**Гилт сөзлер:** атақлы, хош ҳаўаз, вокал, талант, хореография, режиссёр, үгит-нәсиятлаў, спектакль, театр.

**Аннотация:** В этой статье знаменитая певиңа, таннңовщиңа и актриса Арзыгул Атамуратова оставила незгладимый след в истории Каракалпакского искусства В своём творчестве искусств - в вокале, в хореографии преобразовала новые реформы.

**Ключевые слова:** знаменитый, соловей, вокал, талант, хореография, режиссер, пропаганда, спектакль, театр.

**Annotation:** In this article, the famous singer, dancer and actress Arzygul Atamuratova left an indelible mark on the history of Karakalpak art In her creative work of art - in vocals, in choreography she transformed new reforms.

**Keywords:** famous, nightingale, vocals, talent, choreography, director, propaganda, performance, theater.

Сол қосықтан халық атагын атанып халыққа өз қызыннан кем көрмес, сахра бүлбилиндей ҳаўазын жаңлап, қутлы болсын 100 ге шыққан жасыңыз! Усы жылы елге белгили Арзыгүл апаны 100 жыллық қутлы мерекени пүткил ел жоқары руўхта нышанлап атыр. Арзыгүл апа хош ҳаўазы менен ел халыққа тек гана Қарақалпақ ел емес, басқа да республикаларда, шет еллерде өзине жанлы ҳаўазда қарақалпақша, өзбекше, қыргызша, қазақша, уйгурша, түркменше, рус қосықларын кәмине келтирип жеткерип берген. Жас гезинде ойын ойнап, қосық айтып жүрген. Бир күни үйине аўыллас қыз Бийбираба келип Нөкисте театрга 20 бала ҳәм 20 қыз таңлап қабыллап атырганлыгын айтты, мениң қуўанышым өз алдына болды. Мен апама маган бир тандыр шөрек жаўып бер ҳәзир-ақ Нөкиске кетемен дедим, анам қарсылық көрсетти, лекин мениң райымды қайтара алмады мениң сол ўақытлары жүрегим алып ушып өзиме бойсынбай атырган сыяқлы еди, әлбетте қосық бул инсанның қәлбиннен, жүрек төриннен шыгатугын иләҳийда күш емеспе?, Солай етип биринши айтқан қосыгым сол дәўирдеги халыққа жагатугын қосық, қуўанаман, шадланаман, шадлыққа кеўил хошлайман, армияга барганыңды сүйген ярым қутлықлайман, балет студиядасында жүрип қосықларды үйрене баслайды, буны сезген театрдың бас режиссеры уллы Төреш Алланазаров Арзыгүл апаның актерлық қәбилетин сезген ҳалда оның келбетин, даўысын есапқа алып рольлер бере баслайды. Төреш ага ойланбастан белгили

рольлерди атқарыўды талап етеди. Рольлер Төреш ағаның кеўлиндеғидей образлар жаратылды, театр жәмәәти ағзалары Айымхан Шамуратова, Тохта Рахманова, Фатима Бекполатова, Соня Карабаева, Гүлхан Ширазиевалар сахнаға жаңа образ дөретип атырған Арзығүл ападан келешекте қосықша актриса болыўына исеним арттырды. Жыл өткеннен кейин Төреш аға биринши мәрте Сапар Хожаниязовтың «Сүймеғенге сүйкенбе»де Айсанем образын жаратты, кейин ала «Айгүл-Абат» пьесасында Айгүл ролин, Бердақ пьесасында Ҳүрлиман ролин, Гүлсара пьесасында Гүлсара ролин, «Аршын Малалан» Гульчехра ролин, «Алпамыс»та Арзайым ролин, «Алтын көл»де Шахиста образларын сахнаға алып шықты. Ол ўақытлары районба-район жүрип спектакльлерди қояр едик, тек рольлерди ойнап қоймастан «Дембермес», «Ешбай», «Бесперде», «Яра яндым», «Яр-яр айтаман» қосықларын айтып шыққанман.

Арзығүл апа хожалық жағдайларына байланыслы телевидениеге 1953-жылы өтеди, ҳәр түрли ойынларда ойнайды, 1957-жылы Ташкент қаласында «Қарақалпақ мәденияты ҳәм әдебияты» 10 күнлигинде дирижер, композитор Әбдирейим Султанов дүзген халық сазлары оркестри менен «Бағман қыз», «Бозатаў» қосықларын атқарды, усы мийнетлерин есапқа алып Арзыгүл апа Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист атағын алыўға мияссар болды. Мениң ядымда 1965-жылы екинши курста оқып атырған ўақтым, курслас Қудияр аға Абдуллаев: Жолдас жур, Арзығүл апаның үйине барамыз, бүгин оның 23-февраль күни туўылған күни деди. Қудияр аға меннен әдеўир үлкен. Маған айтқаннан кейин изиннен ере бердим.

Барсақ қонақлар бар екен, мени таныстырды, аты Жолдасбай, хореография бөлиминде оқыйды, Шоқторанғыл елатынан деди, жыраў бақсылардың аўылынан екенғой, деп Әбдирейим Султанов мақуллады. Ядыма Есжан бақсының ғөне тамы елеследи. Есжан бақсы ғөне тамы Тәжибай ағаның жайының арқасында жайласып үлкен еки қара тал, ол тамды еле безеп ҳәзирде турғанлығы ядыма түсти. Мереке тамам болды, шығып баратырған едик, Арзығүл апа: Жолдасбай иним, алдымыздағы базар күни Назарханға тойға барамыз, сенде жүр, Назархан елатын көресең, үлкен той, қур болады. Мен куўандым, себеби аўылда қурларды көрғенмен. Ол ўақытлары қур болатуғын еди, шом деген болады, шүберектен топ сыяқлы, кесе таяққа шомды илдирип ҳәрўақ-харўақ лампа майдан сарқым менен тамдырып турады, қуры таң атқанша болатуғын еди. Енди Назархандағы қур қандай болатуғын екен, қызығып киятырман. Әне Назарханға да келдик, Арзығүл апа келеди деп ҳәмме жолға шығып кеткен. Ҳәммеси қуўанышлы, жүзлери қуўаныштa жайнап тур, балалардың қуўанышын айтпайсанба. Қудияр ағаның «қызыл жиғули» машинасы тойханаға келип тоқтады. Машинадан түсе сала аламанға бардық. Сағыныш пенен күтип алды. Қурға түсип кеттик. Қурға қолайлы жер сайлаған. Ҳәмме ынтығып Арзығүл апаны тыңлап отыр, дәпте Алым аға, Қудияр аға рубабта емес тарда, алдын-ала «Қутлы болсын тойларыңызды» айтты, соңынан «Бағман қызды дөгеректи айланып тойдың санын жеткере берди. «Дембермес»ти жибер деп биреў

аламанның ишинен даўыслады, халық силтидей тынды. Рахметлер айтып қол шаппатлаўлар болып атыр, 5-6 қосық айтты, соңынан Қудияр аға тамашаны даўамлады. Мениң ушын үлкен қуўаныш еди, себеби Арзыгүл апаның даўысына ҳайран қалдым. Айдай далада, даўысы жанғырып тамашагөйлерди лал калдырғаны еле мениң есимде морленип қалды. Сол жыллардан бери Арзыгүл апа менен бирге мәдениятта хызмет еттик. Өзим өтиниш етип, 90 жасында, 95 жасында «Дембермес» ти «8-март ҳаял қызлар байрамы»на бағышланған сәнеде өзиниң салтанаты менен, ширели даўысының әжайып қубылыс екенлигин тәкирарлағанның гүўасыман.

Әлбетте, Қарақалпақстан халық артисти, Өзбекстан халық артисти өз алдына мектеп жаратқан қосықшының хызмети ҳәмме ўақытта бизлердиң ядымызда.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Алланазаров Т. Истоки и формирования Каракалпакскоғо театра. – Ташкент: 1996.
2. Маликов А., Мухаммединов Н. "Жапақ бақсы Шамуратов" "Каракалпакстан маденияты" ғазетасынын редакқиясы. Нөкис – 1995.


